ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЪЭПКЪЫР

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№136 (21.794) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Автобус щІыкІур щхьэпредз

Тыркум и Анталие курортым аргуэру нэщІэбжь къыщыхьуащ. Абы туристхэр къезыщэкІ автобус щІыкІу щыщхьэриІэщ.

Щхьэусыгъуэр къыхэрыгъэкІщ: арзезыгъакІуэр гъуэгум здытетым жеят. Псори кІелащ, ауэ Барнаул икІа щІыхуи 6-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ятелъу Тыркум и сымаджэщхэм щІагъэгъуэлъхьэн хуей хьащ. Зы илъэсым кІуригьыдэу иджы етІуанэрэ ди туристхэр насыпыншагъэ Іуэху щыхохуэ а къэралым и «ПеГас» турист фирмэм Іуэхутхьэбз яхуэзыщІэ шоферхэм я зэранкІэ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, гъатхэм нэгъуэщІ автобус бгым щыхури, урысей щыху 16 иукІауэ щытащ.

Махуэ къэс хохьуэ

Бадзэуэгъуэ мазэр кІыщэрихьрэ Урысейм псым щитхьалащ щыху 800-м нэс.

Насыпыншагъэр къызыхэкІыр щІыхухэр зэрымысакъырщ, ефауэ псым зэрыхьрщ.

Къалащхьэм и гъунэм

Москва и гъунэм щыпсуэхэм Іугъуэмэр нэхь гуащІэу къащІихьэ хьащ.

Сырымэр нэхь здэщыІэр къалащхьэм и къуэкІыпІэ, ищхьэрэ-къуэкІыпІэ льэныкъуэхэрщ. Ар и Іуэжьыщ хуабэм и зэранкІэ торф щІыпІэхэр мафІэм зэрызэщІищтам.

НОБЭ

◆ Египет Хьэрыпэ Республикэм и льэпкъ гуфІэгъуэщ - Революцэм и Махуэщ (1952)

◆ Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ. 2005 гъэльандэрэ ягъэлъапІэ. Республикэм и иджырей Къэрал ныпыр 1992 гъэм бадзэуэгъэм и 23-м АР-м и Совет Нэхъыщхьэм иригъэІуэкІа сессием щагъэуващ.

◆ Осетие Ипщэ Республикэм щагъэлъапІэ щІыхухэм хьыбар езыгъащІэ Іэнатіэкэ я лэжьакІуэхэр. 1906 гъэм бадзэуэгъэм и 23-м осетиныбзэкІэ япэу кІыдэкІащ «Ирон газет» газетыр.

◆ Алыджым (Грецие) щагъэлъапІэ «полковник фІыщІэхэм» я диктатурэр традзу демократиер щагъэувыжа махуэр (1974).

◆ Мы махуэм (1944) ди дзэхэм хуит кІащІыжащ Псков къалэр. УФ-м и Президентым 2009 гъэм дыгъэгъаззм и 5-м къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ «ЗауэлІ щІыхьым и къалэ» щІэльапІэр абы фІащащ.

◆ Илъэс 80 и пэкІэ (1930) къыз1уахащ Москва Полиграф институтыр, иджы ПечатымкІэ Москва къэрал университетщ.

◆ Бадзэуэгъуэм и 23 - щыщхьэІум и 22-хэм Сараевэ къалэм (Боснием и Герцеговинэрэ) щекІуэкІынущ 16-нэ дунейпсо кинофестивальр.

ПІашэтэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзэри и абгъуэ щытепщэщ.

Зэгъусэу яубзыху

●Абы дегъэпІейтей

УФ-м и вице-премьер Сечин Игоррэ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ.

Урысей Федерацэм и вице-премьер Сечин Игорь Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щриГъэкІуэкІащ бадзэуэгъуэм и 21-м и нэхъущым Бахьсэн ГЭС-м щалэжьа щІэпхъаджагъэ хьэльэм и льэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ лэжьакъыхэхэр щаубзыхуа зэІуэщІэ. Абы хэтащ республикэм, УФ-м Энергетикэмкіэ и министерствэм, «РусГидро» ОАО-м, къаруэхьэ, къыщрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр, ирагъэблагъа къуэлыкъущІхэр.

ЗЭХЫХЬЭР къыщыхэІуихым, вице-премьерым кІигъэльэгъащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и гъуэгу станцым зэрыщыІар, къэхъуам зэрызыхигъэгъуэзар, Іэщ1агъэлІхэм зэрахуэзар.

- Сыхьэти 3-рэ дакъикъ 20-хэм деж ямыцІыху щІэпхъаджащІэ эащІэуэзда гуп теуэрн, станцыр яубдащ, хабзэм и хьымкІуигІ яукІащ. Лагьымкэр кІэщІалтъхьри, гидроагрегатитІ, дагъэкІэ лажьэ Іэмэпсымэуи апхуэдизэ кьагъэуащ. Машинэ пэшыр зэрамыгъэпэщыжу хьунукъым, - жиІащ **Сечин Игорь.** - Станцым и лэжьакІуэхэм, Іэрпхьэр мыхьуу, псыр ягъэувыІэн, ещанэ турбинэр кьрагъэлын яхуэзфІэкІащ. Зэгъэпэщыжыныгъэ дзэкьыгъэхэр абдеж кьыщыщІэдзэн хуейуэ кьызолытэ. Зэрыщыту кьащІтэмэ, «РусГидро» ОАО-м Кавказ Ищхьэрэм щиІэ обьектхэр зэпІэзэрыту мэлажьэ, я гидрологие щытыкІэхэр тэмэщ. Иджыпсту ди кьалэн нэхъыщхьэр щІыхухэмрэ ЭнатІэхэмрэ зэпымыууэ электрокъарукІэ къызэгъэпэщынырщ.

Абы къызэрыхигъэщамкІэ, псэунытгъэр зэкІэзэгъэпэщ щІыпІэхэр, псом япэу энергетикэм ейхэр, зэрахьумэ щІыкІэр ягъэлъэщыпхъащ.

Урысей Федерацэм энергетикэмкІэ и министрым и мьерым игъэнэІуа нэужь, «РусГидро» ОАО-м и Правленэм и унафэщІ **Дод Евгений** Бахьсэн ГЭС-р зэрызэфІагъэувэжьнум и программэм зэпкърыхауэ кьытеувыІащ. Къэпсэлъам къызэрыхигъащамкІэ, щІэпхъаджащІэхэм кьагъэуахэр тхьэмахутІым зэрагъэпэщыжьнущ.

КьищынэмыщІауэ, машинэ пэшым и бетон конструкцэм и щытыкІэр кьапщытэнущ, ар щІальэкІэ электрокъарукІэ къызэрызэрагъэпэщ схемэр монтаж ящІынущ, зэрыкІэльыплъ, токьшхэхэм тещІыхьа кІапсхэр яхьуэжьнущ, лэжьагъэр зэрызэтраухуэр ирагъэфІэкІуэнущ, нэгъуэщІ куэди зэфІагъэкІынущ. Ахэр мазэ 2 - 3-м кьриубыдэу яухыну я мурадщ.

- «РусГидро» ОАО-м и программэмкІэ Бахьсэн ГЭС-р къызыхуэтыншэу къэгъэщІэрэщІэжьным 2014 гъэм щІэддзэн хуейт. Иджы абы мы илъэсым яужь дихьэнущ. Зэрыщытыр жытІэмэ, илъэси 2 - 2,5-м кьриубыдэу станцыр щІэрыщІэу дыуухуэжьнущ, - кьиГъэлъэгъуащ Дод Евгений.

Республикэм и Президент **Кьанокъуэ Арсен** къэралым и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищащ ГЭС-м щалэжьа щІэпхъаджагъэм псынщІэу кьызэрыпэджэжам, щІэгъэкъуэн къаэзрыуэхъуэм папщІэ. Кьапщтэмэ, хэкІуэдахэм я унагъуэхэм сомеплуан зырыз, лей зытыысахэм дэтхэнэми сом мин 500 иратынущ. «РусГидро» ОАО-м кьыбгъэдэкІыу апхуэдэу щІэпхъаджащІэхэм яІэщІэкІуэдахэм я Іыхьлыхэм сом мин щищ-щищ, фэбжь зыгъуэтахэм сом мини 100 зырыз хухахынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ1э.

ЗэІуэІэ нэхъыжьым Сечин Игорь журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

АРУАН Алий.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Псэуныгъэм пыщІа Іуэхущ1апІэхэр зэрахьумэр ягъэткІий

Бадзэуэгъуэм и 21-м КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен щыІащ а махуэ дыдэм я пщэдджыжьым террористхэм лагьымхэр кьыщагъуэа Бахьсэн ГЭС-м. Абы машинэхэр зыщІэт залыр, пщІантІэр кьыплъыхьащ, гидроэлектростанцым и лэжьакІуэхэм епсэльащ.

«ХУАБЖЬУ гущІыхьэщ нобэ республикэм кьыщыхьуа Іуэхур: япэрауэ, цІыхухэр зэкІуэдащ, етІуанэу - Бахьсэн районыр электрокъарукІэ кьызэзыгъэпэщ системэм зэранылъэшхуэ игъуэтащ. ГЭС-р дэ эмэн кІэщІым кьриубыдэу зэдгъэпэщыжьыфыну кьыщІэкІынщ, ауэ щыхухэр зэрыхэкІуэдар пхуэмыгъэзэкІуэжьын Іуэхущ. Абы и льэныкъуэкІэ дэ тхуэзэфІэкІынур зы закъуэщ - хэкІуэдахэм я унагъуэхэм защІэдгъэкъуэну аращ», - щыжиІащ республикэм и Іэтащ1эм журналистхэм ярита интервьюм.

Абы кьигъэльэгъуащ КъБР-м и хабзэхьумэ органхэм я унафэщІхэр кьрихьэлІэу УФ-м и Правительствэм и вице-премьер, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр а махуэ дыдэм иригъэжьауэ зэІуэщІэм псэунигъэр кьызэгъэпэщынымкІэ телажьэ Іуэхущ1апІэ псори зэрахьумэр ягъэткІиину унафэр кьызэрыщащтар.

«Милиционерхэм ятеуэным кьыщыщІадзэри щІэпхъаджащІэхэр хуэжьауащ республикэм и ІуэхущІапІэхэм яхуэзэдальэным, абы-хэм я мурадыр цІыхухэр ягъэгужьеину, республикэр хьэлэбэлыкьым хадзэну аращ. Абыхэм щыхъыбарбгъу хэмылъу ятэщІэуэвапхъэщ. Мыбдеж кьыщыхэзгъэщыну сыхуейщ хабзэхьумэ органхэр властым и щІыпІэ органхэм нэхъ быдэу ятыщІауэ зэрыщытыпхъэр - псори дызэкъуэтмэщ дэ щІэпхъаджагъэм дыщыпэльэщынур», - кьыщІигъащ Кьанокъуэ Арсен.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

Бахьсэн ГЭС-р щІэпхъаджащІэхэм я зи чэзу нэщанэуапІэщ

Аргуэру ди деж зы хьэкІэхъуэкІагъэ щалэжьащ. Иджы террористхэм нэщанэуапІэ ящІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и индустриемрэ я апэ уху1эныгъэр - 1936 гъэм лажьэу нутІыпща Бахьсэн ГЭС-р.

БАХЬСЭН ГЭС-м кьилэжь энергиер Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кисловодск-Минводы гъущІ гъуэгуми кьитъесэбэлыр. ГЭС-м кьыпэщыт 910-нэ льэагапІэ цІэрыІуэм 1942 гъэм и гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ ди зауэлІхэр фашистхэм тКІийуэ щапэщІэтащ. Абы щыгъуэ мы электростанцри республикэм и кьалащхьэм и Іэщ1ельащэхэр хьумэнымкІэ сэбэп хьуащ. Ауэ илъэс 60-м щІигъу дэкІри, дэ езы уху1эныгъэр бандитхэм ящытхъумэфакъым.

Бадзэуэгъуэм и 21-м нэхулъэ кьищІа кьудейуэ Бахьсэн ГЭС-м лагьымхэр щащагъэуащ. Щ1эпхъаджащІэхэм ведомствэхэм хэмыт хьумакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуитІ яуклащ, ГЭС-м и лэжьакІуэу тІум фэбжьхэр традзащ икІи ахэр сымаджэщым щамыгъэгъуалъхьэу хъуакъым.

УФ-м и прокуратурэм следствиемкІэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм ящыщу Іуэхум фІыуэ щыгъуаэзм къызэрыджиІамкІэ, гидроэлектростанцым лагьыму плІы къыщыуащ, етхуанэр къэуэну хунэмысу къагъуэтри къыщІахащ.

Бахьсэн ГЭС-р хохьэ «РусГидро» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм. Акционер обществэ зэІуэхам хэІуцІыІу ищІа хьыбарым къыщигъэлъэгъуащ террористхэм ГЭС-м зэраныгъэ мымащІэ зэрыратар. Ауэ абы щхьэкІэ жьлагъуэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ электрокъарукІэ къызэгъэпэщынымрэ зэблэуакъым. ГЭС-м и гидрогенераторищым ящыщу тІур къагъуащ. Бахьсэн ГЭС-р псори зэхэту мегаватт 25-рэ зи льэщагъ гидроэлектростанц мыинщ.

Пщэдджьжьыр сыхьэти 9-м ирихьэлІэу ягъэужьихащ машинэхэр зыщІэт залым щыІэ мафІэсыр. УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, мафІэр зыгуэркІэ къызэщІэрыуэжмэ, зэрагъэункІыфІынум хуэхъэзыру мафІэсгъэункІыфІхэр а щІыпІэм аргуэру сыхьэт зыбжанэкІэ щыІащ.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир вице-премьер Сечин Игорь и пщэ ирилъхьащ зэман кІэщІым кьриубыдэу гидростанцыр нэсу зэтегъэувэжьныр къызэригъэпэщыну.

Бахьсэн ГЭС-м следователь гупрэ криминалистхэмрэ щолажьэ. Абыхэм зэхагъэкІ мы къэхъукъащІэм и пэжыпІэр.

«Интерфакс» агентствэм къызэритамкІэ, терроризм пэщІэтыныжьмкІэ льэпкъ комитетым хэІуцІыІу ищІащ Бахьсэн ГЭС-м террористхэр зэрытеуам къыхэкІыу жьлагъуэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ электрокъарукІэ къызэгъэпэщынымрэ зэрагъэткІияр. «Урысей Ипщэм щыІэ гидротехникэ ухуэныгъэ псоми зыхуэфащэ Іуэхухэр щызэфІагъэкІащ энергиекІэ дыкъызэзыгъэпэщ Іуэхущ1апІэхэр зэрахьумэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ», - къыщыгъэльэгъуащ «РусГидро» ОАО-м и пресс-секретарь Вишняковэ Еленэ хэІуцІыІу ищІа тхыгъэм.

ХьыбарегъащІэ агентствэхэр щыгъуазэ зэрыхьуамкІэ, ФСБ-м и оперативникхэм зэхагъэкІащ мы террорист щІэпхъаджагъэр зылэжьахэр, ахэр зыщыщ гупымрэ абыхэм я унафэщІымрэ. Хабзэхьумэ органхэм я лэжьакІуэхэм ящыщ зым быдзу жиІащ а щІэпхъаджащІэхэр къэзыубыдынухэм зымащІэкІэ зыкьыпэщІасэмэ, щысхьырабгъу хэмылъу зэрауэкІынур.

●Дзэлыкъуэ куей

Зыхуей-зыхуэфІхэм я фІыгъэкІэ

Нартыху гъэкІыным елэжь «Ипщэ-Сервис» ООО-р къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщІа пэтми, и Іуэхущ1афэхэр хэІущІыІу ищІыну хунэсащ. Іуэхущ1апІэр къыщызэІуахам гъавэм и фІагъыр кьапщытэрэ ягъэгъущыж къудейуэ арат.

ИДЖЫ Австриемрэ къраша зыхуей-зыхуэфІхэм я фІыгъэкІэ, кърашалІэ нартыхур зыбжанэрэ ягъэкъэбзэныгъэ, плІэнейрэ зэхадзынущ. Къыхащ1ыпыкІа жылапхъэфІхэм хущхъуэгъуэ щхьэхуэхэмкІэ елэжьынурэ, тарэ екІуэхэм иракІутэжьынущ. Зы сыхьэтым заводыр елэжьыфынущ нартыху тонни 4,5-м. Дзэлыкъуэ куейм нартыху гъэкІыным щелэжь хозяйствохэм адрей районхэм я гъавэр щІапэн щымыІэу я Іуэхур дяпэкІэ я щІыпІэм щызэфІэкІыжьынущ, абы трагъэкІуадэу щыта ахьшэри езыхэм къахуэнэжу.

«Ипщэ-Сервис» ООО-м мы махуэхэм иджыри Іэмэпсымэ лІэужьыгъуэ1эхэр егъэув. Аэрэ Австриемрэ къщащІэхуащ. Линиещ1эм и лэжьыгъэр зэтрауху я къэралым къикІа ІащІагъэлІхэм. Мы Іуэхущ1апІэм мыгувэу кърашэлІэнущ пасэу Іуахыж гибрид нартыхур.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ

● Дыгъуасэ

Усакіуэ, тхакіуэ цІэрыІуэ КІыщокъуэ Алим ягъэлъапІэу

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КІыщокъуэ Алим кьызэралъхурэ илъэс 96-рэ зэрыхьур ягъэлъапІэу абы и фэеплъым деж дыгъуасэ, илъэс кьэси хуэдэу, цІыху куэд щызэхуэсат. Абы зыкъраГъэхьэлІат министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэм, щэнхабэм, гъэсащэм я лэжьакІуэхэм, тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ, жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм щыщхэм, КІыщокъуэм и гуащІэм дихьэххэм, лъэпкъ интеллигенцэм.

ЛЪЭПКЪЫМ и цІыху пажэм и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа иужь, зэІущІэр кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэдащ КъБР-м и Тхакіуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэ **КъуэлІуфэ Хьэчим.** КІыщокъуэ Алим ди льэпкъ литературэр зыгъэльагэ, дызэрыгушхуэ цІыхушхуэу зэрыщытым кІэщІу и гугъу ищІщ, абы и щІыхькІэ зэхаща пэкІум къэкІуахэм фІыщІэ яхуищІри, япэ псалъэр иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабэмкІэ и министр **Фырэ Руслан.**

- Усакіуэр кьыщалъхуа махуэр нобэ зэрыдгъэльапІэм кьеГъэльагуэ ар зэрытщымыгъупщар, ди гум зэрилъыр. Ди япэ ита нэхъыжьыфІхэм я фэеплъым пщІэ хуэтщІыху, ахэр тІэтыху, дэри дыщІэнуц, дыпсэунущ. Ар дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым. - жиІащ министрым.

КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ, усакІуэ **Бегиев Абдулихь** кьыщыпсальэм кьыхигъэщащ уи щхьэр льагэу уэзыгъэІэт усакІуэр кьыщальхуа махуэр ар кьызыхэкІа льэпкъым дежкІэ зэрыльапІэ дыдэр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар цІыхубэм, зэманым я фащэщ. Апхуэдэуи абы кьыхильхьащ езы усакІуэхэм ятхам, абыхэм ятеухуауэ нэгъуэщІхэм яусам мащхуэдэ зэІущІэхэм кьыщеджэн зэрыхуейр.

КІыщокъуэ Алим и творчествэм, и дуней тетыкІам, и зэфІэкІхэм я гугъу ящІу, зэІущІэм кьыщыпсэльащ «Солнышко», «Нур» сабий журналхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Накуэ Еленэрэ Джэдгъэф Борисрэ,** КъБКъУ-м культурологиемрэ этнологиемкІэ и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжь **Щокъуий Кьадир** сымэ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Чэмал** *трихащ.*

КІыщокъуэ Алим и фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъ.

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КІыщокъуэ Алим кьызэралъхурэ илъэс 96-рэ зэрыхьур ягъэлъапІэу абы и фэеплъым деж дыгъуасэ, илъэс кьэси хуэдэу, цІыху куэд щызэхуэсат. Абы зыкъраГъэхьэлІат министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэм, щэнхабэм, гъэсащэм я лэжьакІуэхэм, тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ, жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм щыщхэм, КІыщокъуэм и гуащІэм дихьэххэм, лъэпкъ интеллигенцэм.

Бзэри и абгъуэ щытепщэщ.

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ

Къэрал Думэм и УнафэщI ГРЫЗЛОВ Борис: Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщыр

езыгъэфIэкIуэн къэрал стратегие дыхуейщ



Гъэмахуэр сабийхэм зыщагъэпсэху, я нэгу зыщрагъэужь лъэхъэнэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, 2010 гъэм и гъэмахуэм щIэщхъуэшхуэ къыдэкIуащ. Ейск къалэм и Iэшэлъашэм щыIэ «Азов» сабий лагерым, къэралым и нэгъуэщI щIыналъэ зыбжанэм къыщыхъуа гузэвэгъуэхэм къагъэлъэгъуащ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэзыгъэпэщхэм яхь жэуапыр къэIэтын, шынагъуэншагъэм пыщIа Iуэху куэд зэфIэгъэкIын зэрыхуейр. Иджыри зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм и зэхуэдитIыр къэнащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, ищхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа щIэщхъухэм дерсхэр къыхэдмыхмэ, нэрылъагъу къэхъуа ныкъусаныгъэхэр дымыгъэзэкIуэ жмэ, адэкIи нэщIэбжьэншэу гъэмахуэр тхуэухыну ущIыщыгугъын щыIэкъым. Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм щIэуэ куэд хэлъхьэпхъэщ. А лэжьыгъэр нэхъ гъэщIэгъуэну, нэхъыщхьэ дыдэращи - цIыкIухэм шынагъуэ къатемыхьэу, адэ-анэри щIэпIейтеин щымыIэу къызэдгъэпэщыну къытпэщытщ. АтIэ абы и лъэныкъуэкIэ иджыпсту сыт ялэжьрэ? Дэ ди псэлъэгъущ Къэрал Думэм и УнафэщI Грызлов Борис.

- Япэ упщIэр зытеухуар «Азов» лагерым къыщыхъуа гузэвэгъуэм и ужькIэ къэралым щызэфIагъэкIхэрщ.

- Псом япэу жысIэну сыхуейщ хэкIуэда псоми дэ дазэрыхуэщыгъуэр.

Мы гузэвэгъуэм и щхьэусыгъуэхэмрэ къуаншагъэ зыбгъэдэлъхэмрэ ятеухуа Iуэху зыбжанэ следствием нэрылъагъу ищIащ, Президентми, мыпхуэдэ къэхъукъащIэхэр къэмыгъэхъуным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщхьэхукIри, къэралым и субъектхэм зыхуэфащэ профилактикэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну къигъэуващ. Къэпщытэныгъэхэр зыубгъуауэ йокIуэкI. ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа нэщIэбжьэхэм хуэдэ къытлъыкъуэмыкIыжын папщIэ икIэщIыпIэкIэ зэхэдмыгъэкIыу хъунукъым псом япэу дызэлэжьын хуейхэр. Къэрал Думэм и депутатхэри а лэжьыгъэм хэтщ икIи зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр ягъэхьэзыр. Абыхэм ящыщщ законодательствэм зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр хэлъхьэнри. Абы теухуауэ къагъэувхэр экспертхэм зэпкъраха нэужь, Къэрал Думэм и зэIущIэм щыхэплъэнущ. Сэ сыщыгъуазэщ жэрдэм пыухыкIахэр къэрал властым и адрей органхэми Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэми зэрагъэхьэзырым.

Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэ нэхъыщхьэу щытын хуейщ къыкъуэкI гугъуехьхэр зэтремыгъэхьауэ и зэманым дэгъэкIыныр. Армырамэ нэгъуэщI гузэвэгъуэхэри къэхъунущ икIи псори зыхуэкIуэжынур языныкъуэ зыгъэпсэхупIэ хэр зэхуэщIынырщ.

ГурыIуэгъуэщ щIыналъэхэм щыIэ властми сабий лагерхэм я лэжьакIуэхэми шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэм зэуэ гулъытэшхуэ хуащIу зэрыхуежьар. Къалэн нэхъыщхьэр - апхуэдэ гулъытэмрэ егугъуныгъэмрэ адэкIэ къэкIуэну зэманым мыужьыхыжынырщ.

- Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщынымрэ абы текIуэдэну ахъшэр къызэщIэгъэуIуэнымрэ 2010 гъэм щегъэжьауэ къэралым и субъектхэм я полномочиехэм хагъэхьащ. АтIэ щIыналъэхэм бгъэдалъхьа апхуэдэ лэжьыгъэр тэмэму къызэрагъэпэщыфрэ?

- Языныкъуэ щIыналъэхэр а Iуэхум нэхъыфIу полъэщ, Коми, Тэтэрстан республикэхэм, Ленинград, Омск, Астрахань, Челябинск областхэм сабийхэм загъэпсэхун папщIэ ахъшэу щытрагъэкIуэдар нэгъабэрейм нэхърэ нэхъ мащIэщ.

- Апхуэдэу щыщыткIэ, ахъшэр зэрахуримыкъум къыхэкIыу гъэмахуэ лагерхэм зыщызыгъэпсэху сабийхэм я бжыгъэм кIэрыхунущ...

- Апхуэдэу жыпIэ хъунукъым. Гъэмахуэ псом кърийубыдэу сабий лагерхэм зыщагъэпсэхуфынущ, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, - сабий мелуани 7,5-м, Роспотребнадзорым къызэритымкIэ, - сабий мелуани 6-м щIигъум. Ар нэгъабэ елъытауэ мелуан 0,5-кIэ нэхъыбэщ.

Ауэ апхуэдэ бжыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщынур школхэм къыщызэIуах махуэ лагер хэм я хьэкъкIэщ икIи ар сабийхэм я дежкIэ зыгъэпсэхукIэ нэгъэсауэ щыткъым. Сабийхэм зегъэгъэпсэхунымкIэ Урысейм и инфраструктурэм и лъабжьэр къалэ щIыбхэм къыщызэIуах лагерхэщ икIи махуэ лагерхэр абыхэм зэи япэхъунукъым.

Къалэ щIыбхэм щыIэ лагерхэм я нэхъыбапIэр совет лъэхъэнэм ящIауэ щытащ. Ахэр илъэс куэдкIэ къагъэсэбэпащ, ауэ зэгъэпэщыжыным, егъэфIэкIуэным ахъшэ трамыгъэкIуадэу екIуэкIащ. Аращи, уимыIэри зумыхьэри зэхуэдэщ, илъэсипщI бжыгъэ дэкIри, лагерхэм ящыщ куэд фаджэ хъуащ. А псори зы махуэм пхузэгъэпэщыжынукъым. Языныкъуэ лагерхэр зэхуащIыж. Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэм я зэхуэдитIым щIигъур 90 гъэхэм щымыIэж хъуащ. Иужьрей илъэситхум кърийубыдэу сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерь мин 61-м щыщу къэнэжар мин 58-рэщ. Къалэхэм щыIэ сабий садхэми хуэдэу, абыхэм ящыщ куэд ящащ, языныкъуэхэр нэгъуэщI мурадхэмкIэ къагъэсэбэпу щIадзащ, языныкъуэхэри апхуэдизкIэ кхъахэ хъуащи, шынагъуэншагъэм и мардэхэм зыкIи езэгъыжыркъым.

- АтIэ сыт хуэдэ хэкIыпIэ щыIэ?

- Нобэ къалэн нэхъыщхьэр сабий лагерхэм я бжыгъэм дяпэкIэ кIэрымыгъэхунырщ, ахъшэрэ лэжьыгъэрэ зытрагъэкIуэдауэ щыта псори хъумэнырщ. А Iуэхум правительствэмрэ прокуратурэмрэ йолэжь. Прокуратурэм къепщытэ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэр зэращар, ахэр нэгъуэщI мурадхэм хуэунэтIауэ къызэрагъэсэбэпыр законым къызэрезэгъыр. Правительствэм егъэхьэзыр сабийхэм зэрызагъэпсэхур егъэфIэкIуэным, физкультурэспорт, щэнхабзэ-щIэнгъуазэ туризмэм зегъэужьыным япыщIа Iуэхухэр. Апхуэдэу сабийхэр зэрагъашхэр ирагъэфIэкIуэну я мурадщ.

Сабийм и хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа законым статья щхьэхуэ итщ загъэпсэхуну, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэну сабийхэм яIэ хуитыныгъэм теухуауэ. Законым федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм яхуегъэув сабийхэм загъэпсэхуну, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэну яIэ хуитыныгъэхэр езыхэм я полномочиехэм кърийубыдэу къызэрагъэпэщыну, зыхуэфащэ IуэхущIапIэ хэр яхъумэну, зрагъэужьыну.

Къэрал Думэр хьэзырщ сабий лагерхэм я статусым теухуа хабзэхэм т епсэлъыхьыну, ахэр нэгъуэщI мурадхэмкIэ къагъэсэбэпыну хуит зэрамыщI мардэхэр къиштэну.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сабий лагерхэм дэ дыщIыхуейр ахэр бжыгъэм щхьэкIэ щыдгъэIэну аракъым, атIэ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр щагъэкIуэн папщIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, абыхэм зыщагъэпсэху лагерхэм я пщIэр иджыпсту йохуэх. Абы къыхэкIыу, лагерхэм я бжыгъэр мыгъэмэщIэным къыдэкIуэу, абыхэм я зэфIэкIри къэIэтын, шынагъуэншагъэр щыгъэбыдэн хуейщ. Абы папщIэ зыгъэпсэхупIэхэм мылъкурэ ахъшэкIэ защIэгъэкъуапхъэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мы Iуэхум комплекснэу бгъэдыхьэн хуейщ. И зэман хъуащ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщым и иджырей стратегие зэхэтлъхьэну.

- Егъэлеяуэ ахъшэшхуэ темыкIуадэу сабийхэм зэрызагъэпсэхур егъэфIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэхэр щыIэ?

- Дауи, ахъшэ уимыIэу хъунукъым. Ауэ псори абы елъытакъым. Лагерыр зэгъэпэщыжыным ахъшэшхуэ тебгъэкIуадэми, удз гъэгъа фIэкI умылъагъуу пщIантIэр бгъэдахэми, сабийхэр абы щызэшмэ, я Iуэху щыдэмыкIмэ, псори мыхьэнэншэщ. Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщын хуейщ ахэр зэплъэкIыу къызэплъэкIыжыху пIалъэр иухрэ, лагерым гу щамыхуауэ зэбгрыкIыжу. Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынри зэлъытар финансхэм я закъуэкъым. Мы гъэмахуэм щыIа къэхъукъащIэхэм нэрылъагъу къащIащ унафэщIхэм, вожатэхэм, гъэсакIуэхэм я дежи куэд къызэрыщынэр. А къалэныр федеральнэ IэнатIэм и закъуэ щыпхузэфIэгъэкIынукъым, Iуэхум ерыщу щыпэщIэтын хуейщ сабий зыгъэпсэхупIэхэр здэщыIэ щIыпIэхэми.

Лъэныкъуэхэм я сэбэп хэлъу

Къэрал IуэхущIапIэхэм

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат УФ-м и Пенсэ фондым и щIыналъэ къудамэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ банк советым и зэIущIэ.

АБЫщытепсэлъыхьащ пенсэ страхованэмрэ пенсэкIэ къызэрызэрагъэпэщымрэ теухуа законодательствэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьа мы зэманым страховой взносхэр зэратымрэ республикэм и Лъэпкъ банкыр Пенсэ фондым зэрыдэлажьэ щIыкIэмрэ. Фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Щауэжь Хьэсэнбий** къызэригъэлъэгъуамкIэ, пенсэм щыс цIыху мини 179-м щIигъум нобэ Iуэхутхьэбзэ хуащIэ. Мы гъэм щегъэжьауэ Iэмал зимыIэ пенсэ, медицинэ страхованэхэм я страховой взносхэм я Iуэхухэр Пенсэ фондым зэфIех. Пенсэм щысхэмрэ пенсэм кIуэнухэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэныр, страховой взносхэр зэратыр тэмэму къызэгъэпэщыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэну зэрыщытыр къыхигъэщри, Щауэжь Хьэсэнбий Советым хэтхэр къыхуриджащ абы зэуIуу елэжьыну.

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу къызэрабжамкIэ, къудамэм езым и хэхъуэхэр сом зы мелардрэ мелуан 563-м нэсащ. Iэмал зимыIэ пенсэ страхованэм и страховой взносу сом мелардрэ мелуан 535,9-рэ е зэрыхъун хуеям и процент 98,3-р къаIэрыхьащ. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, къаIэрыхьэ ахъшэр щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэу 19996-м, IэнатIэу 7560-м къызэрагъэпэщ. Ар зымытхэр иджыри куэдщи, налог IуэхущIапIэхэм ящIыгъуу къахутэнущ. Налог органхэм страховой взносхэм я унафэмкIэ я пщэрылъхэр Пенсэ фондым зэрыратам и фIыгъэкIэ, зыуэ щыт социальнэ налогыр страховой взносхэмкIэ зэрызэрахъуэкIа Федеральнэ закон №212-р зыгъэзащIэ финанс-кредит IуэхущIапIэхэр иджы я гуэгъу папщIэу къалъытэ хъунущ. Щауэжь Хьэсэнбий зэрыжиIамкIэ, банк IэнатIэхэр Пенсэ фондым зэрыдэлажьэ щIыкIэр ирагъэфIэкIуэфынущ, тхылъхэр электрон IэмалхэмкIэ зэIэпахыурэ. Апхуэдэщ счетхэр къызэрызэIуахым, зэрызэхуащIыжым теухуа хъыбархэр электрон связкIэ етыныр, инкассэ поручэнэхэр кIэлъыплъакIуэ органхэм хуегъэхьыныр, Пенсэ фондым щIыпIэхэм щиIэ хэщIапIэхэм щхьэзакъуэрылажьэ хьэрычэтыщIэхэм платежхэр щыIахыну терминалхэр щыгъэувыныр.

КъБР-м и Пенсэ фондым Iуэхутхьэбзэ зыхуищIэхэр хэхауэ тхыныр къызэгъэпэщынымрэ IэнатIэ зытхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI **Къардэн ФатIимэт** тепсэлъыхьащ страховой взносхэр зыт организацэхэм цIыхухэм я пенсэр зэхуэхьэсыным теухуа къэрал программэр зэрагъэзащIэм. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, нэгъабэ къаIэрыхьа сом мелуани 9-рэ мин 363-р зэщхьэщыхауэ дэтхэнэми и счетым халъхьащ. Илъэсрэ мазитхум кърийубыдэу страховой взносу сом мелуан 11-рэ мин 445-рэ щхьэхуэу къахуэкIуащ. Ахъшэ яхущIыгъунымкIэ программэм дзыхь хуащIу, республикэм и IэнатIэхэр ещанэ лъэныкъуэу а Iуэхум хыхьащ. Къапщтэмэ, IуэхущIапIищым сом мин 62,9-рэ я лэжьакIуэхэм щхьэхуэу хухалъхьащ. Къардэн ФатIимэт къызэрыхигъэщамкIэ, Лъэпкъ банк советыр, а лэжьыгъэр япэу зэфIэзыгъэхьахэм ящыщу, и зэIущIэм щыхэплъащ езыхэмрэ зыдэлажьэхэмрэ я арэзыныгъэ хэлъу Iэмал зимыIэ пенсэ страхованэм зэрыхашэну щIыкIэм. Страхованэ зиIэу пенсэ страхованэм яфIэфIу хыхьахэм я взносхэм банкирхэми ахъшэ хущIагъуащ.

Республикэм и Пенсэ фондым цIыхухэм щадэлажьэ и пэшхэм щагъуэтынущ «Лэжьыгъэ пенсэм и зэзыгъэуIу Iыхьэм и страховой взнос щхьэхуэхэмрэ пенсэхэр зэрызэхуахьэсыр къэралым зэрыдиIыгъымрэ я IуэхукIэ» 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдагъэкIа ФЗ №56-м щыгъэбелджылахэм хэзыгъэгъуазэ тхылъхэр. Программэр илъэси 10-м тещIыхьащ. Зэраубзыхуам тету, страхованэ зиIэхэм я счет хэхахэм мы гъэм къэралым ахъшэ хилъхьэмэ, цIыхухэмрэ IэнатIэ зытхэмрэ программэм хуащI дзыхьым хигъэхъуэнущ. Абы теухуа хъыбарегъащIэ-хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэм зрагъэубгъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Налшык» ЩIыналъэ зэхуаку клиринг банк къудамэм и унафэщI **Алихановэ Заретэрэ** «Урысейм и мэкъумэш банк» ОАО-м и щIыналъэ IуэхущIапIэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Лыхь Заурэ** тепсэлъыхьащ я IэнатIэхэм я зэхэлъыкIэр егъэфIэкIуэным, нобэрей зэманым къызэригъэувым хуэдэу банкхэм я активхэм я фIагъыр къэIэтыным теухуауэ зэфIагъэкIхэм. Советым и унафэкIэ республикэм и кредит организацэхэм чэнджэщ иратащ активхэр нэхъ жыджэру зэщIагъэуIуэну, банкхэм финанс щытыкIэ тэмэм къахузэгъэпэщыным, щIыхуэ зытхэмрэ ахъшэ хэзылъхьэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным хуэфащэ гулъытэ хуащIыну.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Хъыбар гуапэ

IэщIагъэлI къахэкIыну дызыщыгугъ ныбжьыщIэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэу, Киномрэ телевиденэмкIэ Санкт-Петербург къэрал университетым (СПбГУ КИТ) щIагъэтIысхьащ мы гъэм курыт еджапIэр къэзыухахэм ящыщу цIыху 12. Налшык, Прохладнэ, Плановскэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыщ ныбжьыщIи 10-р къэралым и мылъкукIэ иригъэджэнущ, 2-м езыхэм я ахъшэкIэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыжынущ. Ахэр щIэтIысхьащ телевизионнэ, макъ режиссурэмкIэ, оператор IэзагъымкIэ, аудиовизуальнэ техникэмкIэ, графикэмкIэ, рекламэмкIэ къудамэхэм.

СПбГУ К ИТ-м щеджэну хуейхэр къэзыпщыта гупым хэтащ а еджапIэм и профессор икIи и япэ проректор **Тихомировэ Галинэ**. Абитуриентхэр къыхэхынымкIэ абы дэIэпыкъуащ оператор IэзагъымкIэ кафедрэм и унафэщI **Розовский Эдуардрэ** аудиовизуальнэ техникэмкIэ факультетым и декан **Осташевский Евгенийрэ.**

- Дэ дыщогугъфIыкI апхуэдэ Iэмал къызэрыфхукъуэкIам, - жиIащ Тихомировэм, дыгъуасэрей школакIуэхэм, иджы студент хъуахэм защыхуигъазэм. - Иджыри зэ ди нэгу щIэкIащ зэрыгушхуэ хъун щIалэгъуалэ зэчиифIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэриIэр. Ди еджапIэм щIэтIысхьэну хуейхэр куэдыкIейми, республикэм и унафэщIхэм зыкъыщытхуагъазэм тхуэгъэщIэхъуакъым, фэ абы фыщеджэнымкIэ хэкIыпIэ къэдгъуэтащ. Сыхуейщ ар къывгурыIуэу, щIэныгъэфI зэвгъэгъуэтыну, къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм школхэр къэзыуххэр Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща проектымкIэ ди деж щеджэнщемыджэнур куэдкIэ зэлъытар фэ къэвгъэлъэгъуэну щапхъэращ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан** зэIущIэм кърихьэлIахэм ягу къигъэкIыжащ УФ-м и кинематографистхэм я зэIущIэ бжьыхьэ кIуам Налшык щыщекIуэкIам щыгъуэ, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ университетымрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм СПбГУ КИТ-м и ректор Белоусов Александр Iэ щIидзауэ зэрыщытар. Зэрынэрылъагъущи, Iуэхум яужь ихьащ, зыхуэфащэхэр щыуагъэншэу къыхэхыным къэпщытакIуэхэр набдзэгубдзаплъэу яужь итащ.

Республикэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу, абы фIыщIэ яхуищIащ ди щIыналъэм и щэнхабзэм зиужьынымкIэ зыкъытщIэзыгъакъуэ Санкт-Петербург университетым и лIыкIуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и фондым и унафэщI, УФ-м и Кинематографистхэм я союзым и секретарь, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Вэрокъуэ Владимир** къыхигъэщащ Санкт-Петербург университетым и лэжьакIуэхэм щэнхабзэ Iуэхум къыщымынэу, политикэ лэжьыгъэ ин зэрызэфIагъэкIар.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуххэр хущIокъу мамыру, зэгурыIуэу зэдэпсэуным, ар къэзыгъэтIэсхъэну хущIэкъухэм я мурад фIейхэм пэщIэту, - жиIащ абы. - Республикэм и УнафэщIым, цIыхубэм пщIэ хуэфщIри, фэ арэзы фыхъуащ Налшык фыкъакIуэу студент хъунухэм я зэфIэкIыр къэфпщытэну. Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм къыхилъхьа Iуэхухэр гъэзэщIэным ар зи пщэрылъхэр яужь ихьащ, зи IэщIагъэм хуэIэижь журналистхэм, телевиденэмрэ кинематографиемрэ я лэжьакIуэхэм дазэрыхуэныкъуэр къагурыIуэри. ЩIалэгъуалэм я къалэн нэхъыщхьэр нэхъыжьхэм къызэдгъэпэщхэр губзыгъэу къагъэсэбэпынырщ, зэманым декIуу абыхэм щIэ гуэрхэр халъхьэнырщ, ирагъэфIэкIуэнырщи, ахэр яхузэфIэкIыну ди гуапэщ.

РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артист, «Человек-амфибия», «Начальник Чукотки», «Белое солнце пустыни» фильм цIэрыIуэхэр, нэгъуэщI куэди зи IэдакъэщIэкI **Розовский Эдуард** гуапэу ехъуэхъуащ вузым щIэхуахэм. Апхуэдэуи къыхигъэщащ ехъулIэныгъэ зыIэрагъэхьэн папщIэ жэщ-махуэ ямыIэу ахэр лэжьэн, еджэн, киномрэ живописымрэ я тхыдэм кууу зыщагъэгъуэзэн зэрыхуейр.

Аудиовизуальнэ техникэмкIэ факультетым и декан, профессор **Осташевский Евгений** тепсэлъыхьащ зи унафэщI къудамэм и зэфIэкIхэм, абы къыщагъэсэбэп Iэмал гъэщIэгъуэнхэм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм и кIэухыу Фырэ Руслан къыхигъэщащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ди ныбжьыщIэхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм щегъэджэн зэрыхуейм куэд щIауэ зэрытригъэчыныхьыр, щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ уимыIэмэ, республикэм и экономикэри, и псэукIэри зэрыпхуемыгъэфIэкIуэнур фIы дыдэу къыгурыIуэу. Европей вузхэм ди цIыхухэр щеджэныр и нэIэм щIэту къызэрызэригъэпэщым щхьэкIэ, езыми студент хъуахэм я адэ-анэхэми къабгъэдэкIыу министрым Президентым фIыщIэ хуищIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм зегъэужьыным къыхуащIа гулъытэм папщIэ, КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр хьэщIэхэм иратащ. Тихомировэ Галинэ республикэм и къулыкъущIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъазэри, университетым къыбгъэдэкI тыгъэр, Санкт-Петербург и теплъэр къыщыгъэлъэгъуа литографиер, хэгъэрейхэм къаритащ. Япэ курсым и студент хъуахэм Вэрокъуэ Владимир яхуигуэшащ Урысей кином и тхыдэм теухуа тхылъ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

«Кавказ-2020»-м пещэ

Зэпеуэ

Тимченкэ Вячеслав

Манаров Муса

«Кавказ-2020» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхыхьэм и ещанэ лэжьэгъуэ махуэр хухэхауэ щытащ агитацэмрэ пропагандэмрэ. БлэкIа махуэхэм ещхьу, пщэдджыжьым щегъэжьауэ лекцэхэмрэ семинархэмрэ екIуэкIащ, я гупсысэхэмкIэ зэдэгуэшащ.

ЛЕКЦЭХЭМ я зэхуакум парламентар ныбжьыщIэхэм яIущIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» партым и Приволжскэ щIыналъэ зэхуаку зэзыгъэуIу советым и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Носковэ Ольгэ.**

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым, Ольгэ жиIащ лагерым къыщызэхуэса ныбжьыщIэхэр Iуэхум зэтегушхуэр игу зэрырихьыр, куэдым щапхъэ зытрах хъун жыджэрагъ зэрабгъэдэлъыр. Зэхыхьэр Налшык къызэрыщызэрагъэпэщам и гугъу щищIым, щIыпIэр хуабжьу игу зэрырихьар, Урысеймрэ Кавказымрэ зэпэщхьэхуэ пщIы зэрымыхъунур къыхигъэщащ Носковэм. Муниципальнэ щIыналъэхэм я къалэнхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ ятеухуауэ ныбжьыщIэхэм ядэлэжьащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Тимченкэ Вячеслави.**

Апхуэдэуи а махуэм щIалэгъуалэм я хьэщIащ летчик космонавт **Манаров Муса.**

Сыхьэт 12-м зыщIидза «Хэхыныгъэхэр» джэгу-зэпеуэр хуабжьу гъэщIэгъуэн хъуат - абы лагерым и президентыр щыхахын хуейуэ арат. Зи щIэныгъэм, зэфIэкIым, къарум къигъэгугъэ щIалэгъуалэр гъуэрыгъуэурэ утыку къихьэрт. Зы дакъикъэм кърийубыдэу щIалэхэр тепсэлъыхьын хуейт президент къулыкъур къыщIыхахам и щхьэусыгъуэм и мызакъуэу, къэралым зиужьын папщIэ лэжьыпхъэхэм. ИкIи дэтхэнэ зыми егугъуу зигъэхьэзырати, гупсысэ купщIафIэхэр утыку къыщыIуащ.

ШэтырипщIым щекIуэкI лэжьыгъэхэм къыщыдэхуэм деж я нэгу зэрызрагъэужьын, зэрызэпеуэн программэ щхьэхуи яIэщ «Кавказ-2020»-м щыIэхэм. Мы махуэхэм футболымкIэ, шахматымкIэ, стIолыщхьэ теннисымкIэ зэхьэзэхуащ, икIи дэтхэнэ зы лIэужьыгъуэмкIи чемпионхэр къыхахащ. Футболым щытекIуахэр дыгъуасэ дэджэгуащ лагерым кърихьэлIа политикхэм. Ар зи жэрдэмыр УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбийщ. Псым есынымкIэ, катамаранкIэ зэдэжэнымкIэ зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр къызэрагъэпэщат.

«Кавказ-2020» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхыхьэм и иужьрей махуэр зэрекIуэкIам, зи проектхэр нэхъыфIу къалъытахэм, лагерыр зэрызэхуащIыжам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.

Носковэ Ольгэ политик ныбжьыщIэхэм ядолажьэ.

Спорт хъыбархэр

БэнэкIэ

Зы жэз медаль закъуэ

Иджыблагъэ Баку щекIуэкIащ спорт бэнэкIэмкIэ Голден Гран-при зэпеуэм и финалыр. Абы ирихьэлIащ ди республикэм и гъэсэнхэри.

АЛЫДЖ-урым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэм килограмм 84-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Щокъал Олег. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменым пщIэшхуэ зиIэ зэпеуэм жэз медаль къыщихьащ.

Олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч, ди жагъуэ зэрыхъуащи, текIуахэм яхэхуакъым.

Джэду Iэниуар (кг 74-рэ) бэнэкIэ хуитымкIэ зэпеуэм щыеянэщ.

Самбэ

Абазэ Ислъамрэ Къуэшрокъуэ Эдуардрэ къыхожанықI

ЩIалэгъуалэм самбэмкIэ я II гъэмахуэ спартакиадэм и финал Санкт-Петербург щекIуэкIащ.

АБЫ ЩЫБЭНАЩ къэралым и щIыналъэхэм щекIуэкIа зэпеуэхэм щытекIуа спортсменхэр.

Килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я гупым хэта, Уэщхъунхэ СулътIанрэ Баширрэ я гъэсэн, Абазэ Ислъам етIуанэ увыпIэр къихьащ. Жэз медалыр къылъысащ Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэн Къуэшрокъуэ Эдуард (кг 100).

ЖЫЛАСЭ Замир.

Дзэ-тенджыз флотым и махуэм зыхуагъэхьэзыр

Урысей ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, Дзэ-тенджыз флотым и ветеранхэм я къалэ советымрэ «Боевое братство» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ щIыгъуу, ДОСААФ-м и еджапIэхэм я курсантхэм я гъэмахуэ спартакиадэ ирегъэкIуэкI. Дзэприкладной спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зэпеуэр Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым и махуэм траухуащ.

Нобэ, бадзэуэгъуэм и 23-м, сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ 11-м и ныкъуэ хъуху зэхьэзэхуэр республикэ тирым щекIуэкIынурэ, итIанэ «МафIэ мыужьыхым» деж щызэхуэсынущ. Сыхьэт 12-м зэхьэзэхуэхэм щыпащэнущ Ипщэ гуэлым.

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым Дзэ-тенджыз флотым и ветеранхэр ирагъэблагъэ махуэшхуэ фащэмкIэ зэщыхуэпыкIауэ, «МафIэ мыужьых» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэну.

УЭРДОКЪУЭ Инал.